


Kitab Suci Bocah nyuguhaké



Swarga, Daleme Gusti Allah sing Éndah



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Lazarus

Diterjemahaké déning: Endang Supardan

Dibesut déning: Sarah S.

Crita nomer 60 saka 60

www.M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada


Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki, waton ora kanggo diedol.

Basa Jawa Prasaja

Javanese

Nalika Gusti Yésus isih nang donya, Panjenengané ngendika marang para muridé bab Swarga. Gusti Yesus nyebut iku "Daleme Ramaku", lan uga ngendika yèn ing kono isih akèh panggonan.


Panggonan sing dingendikaaké Gusti Yésus iku omah gedhé lan apik banget.



Swarga iku luwih gedhé lan luwih éndah dibandingké omah sing paling apik nang donya.


1

Gusti Yésus ngendika, "Aku lunga kanggo nyedhiyaaké panggonan kanggo kowé. Lan yèn Aku wis lunga lan nyedhiyaaké panggonan kanggo kowé, banjur Aku bakal teka manèh lan ngajak kowé supaya bebarengan karo Aku."




2

Gusti Yésus pancèn banjur tindak menyang Swarga sakbubaré wungu saka antarané wong mati. Wektu iku, diseksèkaké déning para murid, Yésus sumengka ing swarga, banjur ora bisa katon manèh amarga ketutupan méga sing nampani Panjenengané.




3

Wiwit ing wektu iku para wong Kristen tansah padha éling marang janjiné Gusti Yésus sing bakal rawuh lan methuk dhewèké kabèh. Gusti Yésus ngendika yen Panjenengané bakal rawuh ing wayah sing ora dinyana-nyana.




4

Lha priyé dadiné wong-wong Kristen sing mati sakdurungé Yésus rawuh manèh? Kitab Suci nyebutaké yèn wong-wong iku langsung tetunggilan karo Gusti Yésus. Déné yèn manungsa ora ana ing badan wadhagé ateges padha ana ing ngarsané Gusti.




5

Wahyu Marang Yohanes, yaiku buku pungkasan ing Kitab Suci nyritaaké marang kita kaya ngapa éndahé Swarga. Nanging sing luwar biasa yaiku déné Swarga iku Dalemé Gusti Allah Piyambak. Gusti Allah ana ing endi-endi, nanging Papan Kamulyané utawa Dhamparé Kraton iku ana ing Swarga.




6

Para malaékat lan makhluk swarga liyané ngabekti marang Allah ing Swarga. Semono uga kabèh kagungané Gusti sing wis tilar donya lan mangkat menyang Swarga. Kabèh wong mau ngidungaké puji- pujian kusus kagem Gusti Allah.




7

Ing kéné ana sawenèhing tembung saka nyanyian sing dikidungaké déning para makluk swarga mengkéné:
PADUKA PANTES NAMPÈNI
PANGWAOS AMARGI
SRANA RAH PADUKA,
PADUKA
SAMPUN
NEBUS
KULA
SEDAYA, ...




8

... INGGIH SABEN SUKU LAN
BANGSA, KAGEM GUSTI
ALLAH; SARTA SAMPUN
NDADOSAKEN KAWULA
RAJA-RAJA LAN
IMAM-IMAM
KAGEM
GUSTI
ALLAH.
(Wahyu 5:9)




9

Kaca utawa halaman-halaman akhir Kitab Suci
nggambaraké Swarga kayadéné "Yérusalèm Anyar".
Yérusalèm Anyar iku panggonan sing gedhé, gedhé
banget, Bètèngé gedhé lan dhuwur.




10

Témboké saka watu yaspis, bening kaya kristal.
Pondasi témboké dilapisi sesotya utawa inten
mawarna-warna lan watu adi sing mencorong
warnané éndah banget. Saben gapura diwangun
saka mutiyara sing gedhé
banget.




11

Gapura mutiyara sing gedhé iku ora tau tutup.
Ayo mlebu, ndeleng kliling-kliling... WAH! Njeroné
swarga jebul luwih apik manèh. Kuthané saka emas
murni, kaya kaca bening. Malah dalan-dalané uga
digawé saka
emas.




12

Kali sing bening lan éndah banget, sing isiné banyu
kauripan, mili saka dhamparé Gusti Allah. Ing
sapinggiré kali, sisih kana lan kene ana wit kauripan,
yaiku wit sing biyèn tau ana ing Taman Éden. Wit iki
sepesial banget. Nguwuh rolas who kang beda-beda,
lan saben wulan beda-beda wohe. Lan godhonge wit
kauripan iku dingo marekake sakabehing bangsa.




13

Swarga ora mbutuhaké srengéngé utawa bulan
kanggo madhang. Kamulyané Allah piyambak arupa
pepadhang sing éndah, wis ngebaki swarga. Ing
kana ora tau ana bengi.




14

Kéwan-kéwan ing Swarga uga béda. Kabèh lulut lan seneng kekancan. Asu ajag lan cempé mangan suket bebarengan. Uga singa sing gagah-kuwat mangan damèn kaya kuldi. Gusti ngendika, "Ora ana sing natoni utawa nyirnakaké liyan ing gunungKu kang suci."



15

Yèn kita nyawang sakling kita, ana prekara sing ora ana ing Swarga. Nang kono kita ora tau krungu wong sing nepsu karo ngucapaké tembung èlèk. Ora ana wong gelut, ora ana wong sing murka utawa égois.



16

Omah- omah ora perlu dikunci sebab ora ana maling ing Swarga. Uga ora ana wong sing gawéné ngapusi, matèni, tukang tenung utawa wong-wong jahat liyané. Nang Swarga ora ana dosa sethithik-thithika.



17

Ing Swarga, bebarengan karo Gusti Allah, ora ana wong nangis lan ngetokaké luh. Ing donya iki, ana kalané kagungané Gusti padha nangis amarga ngalami urip sing susah banget. Ing swarga, Gusti Allah bakal ngelap eluhé nganti garing.



18

Ing Swarga uga ora ana pepati. Umat kagungané Gusti bakal bebarengan terus karo Gusti saklawasé. Ora ana susah, ora ana tangisan, ora ana kelaran. Ora ana penyakit, ora ana pepisahan, ora ana penguburan utawa layatan. Kabeh wong ing Swarga tansah bungah-bungah saklawasé, bebarengan karo Gusti Allah.



19

Sing paling nyenengaké yaiku: Swarga iku panggonané bocah-bocah lanang lan wadon (mesthi wae uga wong diwasa), sing precaya yèn Jésus Kristus iku Juruslameté, sarta mbangun turut marang Panjenengane, yaiku Gusti Yésus Kristus iku.



20


Ing Swarga ana sawijining buku jenengé Buku Kauripan kagungané Sang Cempé. Buku iku kebak jeneng. Ana sing ngerti jenengé sapa wae sing ditulis ing kono? Jenengé kabèh wong sing percaya marang Gusti Yésus.

Apa jenengmu ana ing kono?




21

Tembung sing pungkasan ing Kitab Suci prekara Swarga, awujud undangan.



22

"Roh lan pengantèn putri iku ngendika, 'Mrénéya!'. Lan sapa sing padha krungu munia 'Mrénéya!'. Lan wong sing ngelak cikbèn teka. Sarta sapa waé sing kepéngin, cikbèn njupuk banyuné kauripan tanpa mbayar."



23

Swarga, Daleme Gusti Allah sing Éndah
Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci
bisa digolèki ing

Yohanes 14, 2 Korintus 5,
Wahyu 4, 21, 22

"Kawedharipun pangandika Paduka punika
madhangi." Jabur 119:130

24

Gusti Allah pirsá yèn kita wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut dening Gusti Allah, dosa. Paukumané dosa iku pepati.

Gusti Allah tresna banget marang kita nganti masrahaké putrané, Gusti Yésus, supaya séda sinalib lan nebus paukuman kita. **Gusti Yesus wus wungu, gesang** lan kondur menyang Swarga.! Saiki uga Gusti bisa ngapura dosa-dosa kita.

Yen kowé kepéngin mratobat saka dosa-dosamu, matura marang Gusti Allah mengkéné: Gusti Allah ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Gusti Yésus séda kanggé kawula, lan sakmenika sampun wungu lan gesang. Kersaa rawuh ing manah lan gesang kawula sarta ngapunten dosa-dosa kawula, supados kawula pikantuk gesang énggal sakmenika; lan mbénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminya. Kersaa mitulungi kawula supados kawula saged gesang kagem Paduka kadosdéné putra Paduka. Amin. Yohanes 3:16

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Allah saben dina!